



# Tès Laboratwa Ou yo

Tès laboratwa yo nesesè pou fè lè ou gen kansè. Anjeneral tès sa yo fèt lè yo pran yon ti kantite san nan yon venn ki nan bra ou. Lòt tès yo fèt sou selil kansè doktè retire yo pandan yon byopsi. Tès laboratwa yo bay enfòmasyon pou ede ou ak ekip swen kansè ou konnen plis bagay sou kansè ou, jwenn ki chwa tretman ki pi bon pou i pui epi siveye fason kò ou ap reponn nan tretman an. Doktè kapab itilize tès laboratwa yo tou pou jwenn lòt pwoblèm sante epi tès yo ka ede evite ou gen sèten efè segondè. Men kèk kalite tès laboratwa komen ak sa yo kapab fè ekip swen kansè ou konnen sou sante ou.

## Emogram konplè (CBC)

Youn nan tès laboratwa yo fè ki pi komen se yon emogram konplè, oswa CBC. CBC mezire 3 kalite selil nan san an, globil wouj yo, globil blan yo ak plakèt yo. Chak kalite selil gen yon djòb espesyal. Selon kalite kansè ou, kalite tretman ou resevwa a ak fason kò ou reponn nan tretman an, kantite globil ou yo ka ogmante oswa diminye. Pafwa yo ka twò wo oswa twò ba.

- Globil wouj (RBC) yo pran oksijèn nan poumon yo pou mennen li nan rès kò a. Doktè mezire globil wouj yo souvan avèk nivo emoglobin (HGB) ak nivo ematokrit (HCT). Lè nenpòt nan nivo sa yo twò ba doktè deklare yon moun ki konsène gen anemi. Sa kapab fè ou santi ou fatige oswa fèb anpil, gen yon move moman pou respire, oswa sa kapab fè ou santi ou gen vètij oswa toudisman.
- Globil blan (WBC) yo ede kò a batay kont enfeksyon. Gen anpil kalite globil blan epi yo chak travay nan yon fason espesyal. Netwofil yo se kalite globil blan ki pi empòtan pou batay kont enfeksyon. Si kantite netwofil ou wo, sa ta ka vle di ou gen yon enfeksyon. Men lè w ap resevwa sèten kalite tretman pou kansè, kantite netwofil ou ta ka bese. Kantite doktè yo ap gade pandan tretman an rele kontaj absoli

netwofil (ANC) ou. Lè ANC ou ba, chans pou gen yon enfeksyon pi wo.

- Plakèt (platelet) yo ede san ou kaye epi sispann senyman. Lè kantite plakèt ou ba, ou ta ka senyen oswa grafouyen fasil, epi lè ou blese li ka pran plis tan pou senyman an sispann.

## Pano chimi

Yon pano chimi se yon tès laboratwa pou sèten sibstans ki nan san ou pou doktè a tcheke fason ògàn tankou fwa ak ren ou ap travay. Li mezire tou elektwolit ki nan san ou, tankou sodyòm, potasyòm ak kalsyòm. Pafwa kansè ak tretman kansè a kapab lakòz tès chimi yo twò wo oswa twò ba.

## Byomakè(makè timè ak tès molekilè)

Kèk kalite selil kansè fè sibstans chimik oswa pwoteyin ki kapab ede doktè yo dekouvri yon kansè, konnen fason pou trete yon kansè, oswa siveye fason kò ou reponn nan tretman an. Pafwa eleman sa yo rele byomakè, makè timè, oswa tès molekilè. Doktè kapab mezire kèk nan tès sa yo avèk echantyon san, epi yo kapab mezire lòt tès yo avèk tès pipi oswa tès tisi kò a.

**Makè timè** yo ka ede doktè a jwenn kansè a oswa tcheke fason ou reponn nan tretman an. Pafwa nivo yon makè timè kapab ba oswa wo pou rezon diferan.

Tès molekilè yo ede jwenn chanjman jèn oswa pwoteyin nan selil kansè yo. Li enpòtan pou teste kèk kalite kansè pou chanjman sa yo anvan ou pran desizyon yo pou tretman an. Lè ou konnen si timè ou gen sèten chanjman sa kapab ede doktè ou ki tretman ki ka pi bon pou ou. Kontakte ekip swen kansè ou pou wè si doktè a ta dwe teste kalite kansè ou pou chanjman nan jèn ak pwoteyin.

## Kisa ki nòmal?

Limit nòmal pou tès laboratwa yo kapab diferan enpe pou chak laboratwa. Sa ou konsidere ki nòmal ta ka depannde kalite kansè ak tretman ou resevwa a. Pale avèk ekip swen kansè ou konsènan sa valè laboratwa yo vle di pou ou. Ekip tretman kansè ou ap fè ou konnen si yon tès laboratwa twò wo oswa twò ba, epi sa ki kapab fèt pou mete nivo san ou nòmal ankò.

Anjeneral limit nòmal pou chak tès ekri sou rapò laboratwa a, toupre rezulta tès ou. Kèk moun jwenn li bon pou mande ekip swen kansè yo pou revize rezulta tès yo avèk yo.

Pou jwenn enfòmasyon sou kansè, èd ak sipò chak jou, rele Sosyete Ameriken pou Kansè (American Cancer Society) nan nimewo **1-800-227-2345** oswa ale sou sitwèb nou nan **cancer.org**. Nou la lè ou bezwen nou.



cancer.org | 1.800.227.2345

HAITIAN CREOLE  
©2021, American Cancer Society, Inc.  
No. 0044.98-Rev.11/21  
[bbb.org/charity](http://bbb.org/charity)

